

## BAB V

### PANUTUP

Dina ieu bab, dipedar ngeunaan (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) saran tina hasil panalungtikan kana rumpaka kawih kiliningan Gamelan Klasik Cicih cangkurileung. Anapon dadaranana bisa katitén dina pedaran di handap.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi anu geus dipedar dina bab saméméhna, tangtuna kudu aya kacindekan panalungtikan kana rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung*. Anapon kacindekan ieu panalungtikan di antarana bisa ditingali dina pedaran di handap.

Rumpaka kawih kiliningan *gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* miboga dalapan lagu anu dipedar. Dina unggal laguna miboga ciri anu mandiri. Aya anu dina wangun pupuh, sair jeung sajak bébas. Tilu wangun puisi ieu jadi ciri anu mandiri dina ieu album. Sababaraha di antarana dibarengan ku rumpaka alok anu ilahar dina kiliningan sok marengan juru sindén. Bawa sekar ogé nyampak dina salasahiji lagu. Dina struktur puisina, diguar perkara imaji, simbul, musikalitas atawa wirahma, suasana, téma, jeung gaya basa. Tina hasil analisis éta, téma anu loba nyampak nyaéta perkara bagbagan agama.

Eusi rumpaka nalika diguar maké tilikan sémiotik pancacuriga, loba kaguar simbul-simbul nyampak dina eusi rumpaka. Silib loba kaguar, lantaran ampir dina sakabéh eusi rumpaka mangrupa pépéling atawa papagon hirup. Salian ti éta, simbul jeung siloka ogé loba kapanggih dina rumpaka, utamana dina kekecapan anu loba nyamunikeun harti anu saujuratna. Papatah jeung papagon anu kapanggih dina rumpaka nyaéta perkara (1) papatah sangkan daék barang béré jeung maké harta kalayan di jalan nu bener, (2) papatah sangkan jadi diri anu turut kana paréntah agama, (3) papatah pikeun ngamalkeun rukun iman, (4) papatah sangkan

satia, (5) papatah sangkan inget kana maot, jeung (6) papatah sangkan silih hargaan jeung batur.

Konsép ajén étnopédagogik anu *pengkuh agamana, luhung élmuna, jembar budayana*, jeung *rancagé gawéna* kawengku dina analisis moral kamanusaan. Anapon moral kamanusaan anu dimaksud nyaéta moral manusa ka Pangéranna, moral manusa kana waktu, moral manusa ka alam, moral manusa ka pribadina, moral manusa ka sasama, jeung moral manusa pikeun ngahontal kapuasan lahir jeung batin. Tina hasil analisis jeung déskripsi kapaluruh moral anu loba nyampak nyaéta moral manusa ka Pangéran jeung moral manusa ka pribadina. Dua moral ieu tangtu jadi hal nu poko pikeun ngawangun jati diri manusa anu luyu jeung konsép anu ditataan di luhur.

## 5.2 Implikasi

Seni Kiliningan di Jawa Barat salasahiji seni anu matak ngirut, utamana dina piriganana. Rumpaka anu jadi poko dina lagu miboga ajén inajén anu luhung. Lian ti éta, basa anu dipaké kalintang hadéna. Pikeun ngaguar ajén-ajén éta, aya tujuan nu hayang dihontal nyaéta salian ti pungsina salaku hiburan, seni ogé bisa ditingali tina eusi jeung ma'nana, hususna rumpaka. Ku cara neuleuman eusi rumpaka, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur, sémiotik jeung ajén étnopédagogik dina rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung*.

Udagan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta hayang meunangkeun ajén-inajén atikan anu sumebar dina kaarifan lokal. Salian ti éta, dina ngaguar ajén-inajén kaarifan lokal ogé dipiharep bisa jadi tarékah dina ngawanohkeun deui ajén-ajén anu dina jaman kiwari geus mimiti ditinggalkeun. Diguarna deui kaarifan lokal, hususna rumpaka kawih kiliningan bisa jadi picontoeun jeung pieunteungeun pikeun hirup kumbuh manusa di jaman kiwari. Atuh leuwih jauhna, masarakat bisa mikacinta jeung mikadeueuh kana kaarifan budaya lokal anu luhung ku élmu jeung pangaweruh.

### 5.3 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan “Rumpaka Kawih Kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* (Tilikan Struktural, Sémiotik jeung Étnopédagogik)”, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan. Anapon ébréhanana bisa ditingali di handap.

- 1) Rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* miboga simbul-simbul jeung ajén étnopédagogik anu luhung. Ku kituna, bisa jadi référénsi dina bahan ajar pikeun ngaronjatkeun karakter manusa anu luyu jeung étika urang Sunda.
- 2) Dina medar rumpaka kawih kiliningan *Gamelan Klasik Cicih Cangkurileung* loba istilah anu patalina jeung kaagamaan ogé kasenian. Ku kituna, kudu loba référénsi perkara dua hal anu tadi kasebut.
- 3) Karya Ibu Hj. Cicih Cangkurileung hususna album-album karya anjeuna loba anu can kapaluruh eusi jeung maksudna. Ku kituna kudu aya panalungtikan satuluyna anu nalungtik ngeunaan karya Ibu Hj. Cicih Cangkurileung di saluareun album anu ayeuna ditalungtik.

Seni kiliningan mangrupa seni anu matak ngirut upama ditalungtik. Lain ngan saukur pirigan jeung haleuangna wungkul, tapi rumpakana ogé miboga kaéndahan sorangan, hususna dina katapisan pangarang rumpaka dina ngolah kecap-perkecap. Tapi, kaayeunakeun ieu seni téh geus mimiti nyirorot nu mikaresepna. Ku kituna, kudu aya tarékah séjén pikeun régenerasi ieu kasenian ku métode anu leuwih kréatif tur inovatif sangkan leuwih ngirut. Salian ti éta, mudah-mudahan ieu kasenian téh bakal dipikawanoh tur diulik ku generasi ayeuna jeung anu bakal datang.